

**L.V. v. New York City Department of Education**

**Aranjman Aksyon Kolektif konsènan Aplikasyon Òdonans pou Odyans Sanpatipri**

**Eksplikasyon sou jan pou fè Reklamasyon an**

Pou w ka resevwa nenpòt nan benefis aranjman an, ou dwe ranpli Fòm Reklamasyon ki vini ak avi a epi voye l tounen . Li dwe gen tenb lapòs sou li ki date **30 jen 2008** pou pi ta. Si w pa voye yon Fòm Reklamasyon valid tounen nan delè sa a, yo pa p aksepte reklamasyon w lan epi w ap pèdi tout dwa ou genyen pou benefis sa yo. W ap gen angajman anvè Akò Aranjman an, piblikasyon reklamasyon an ak Jijman final la menmsi ou pa voye Fòm Reklamasyon an tounen, eksepte si w mande pou pa fè pati gwoup aksyon kolektif la, jan yo eksplike sa nan Avi sou Klas aksyon kolektif la.

Si w gen nenpòt kesyon pandan w ap ranpli Fòm Reklamasyon an, tanpri telefone nan 1-800-918-8061, ale sou [www.hearingordersettlement.com](http://www.hearingordersettlement.com), oswa telefone Reprezantan timoun yo nan 1-212-947-9779 ekstansyon 577.

**I. Kiyès Moun ki Kalifye pou fè yon Reklamasyon**

Pou w ka kalifiye pou fè yon reklamasyon, ou dwe satisfè kondisyon sa yo:

1. Yon Ofisye pou Odyans sanpatipri te pran yon òdonans anfavè w kont Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (the “DOE”) oswa lit e mete yon espesifikasyon pou aranjman nan dosye a nan odyans sanpatipri ak DOE nan dat 13 desanm 2000 oswa apre ak 31 janvyè 2008 oswa anvan EPI
2. Ou pa t resevwa aplikasyon òdonans oswa aranjman sa a okonplè e alè. Menmsi DOE aplike òdonans oswa aranjman w lan kounye a, ou ka toujou soumèt yon reklamasyon si DOE pa t fè sa a alè.

**II. Kouman pou fè yon Reklamasyon**

**1. Etap 1 – Ranpli Fòm Reklamasyon an epi siyen l**

Pou ka kalifye pou nenpòt peman, bon, oswa ranbousman, ou dwe chwazi kalite dedomajman ou vle a epi siyen sètifika a. Si yo pa t aplike òdonans oswa aranjman w lan okonplè oswa alè, ou ka fè yon reklamasyon pou:

1. peman sou yon òdonans pou odyans sanpatipri ki egzije pou DOE fè yon peman dirèk ba yon lekòl prive oswa yon founisè sèvis prive oswa pou li ranbouse w pou sèvis ou te peye,
2. yon bon pou sèvis edikatif oswa pou teknoloji sipò ak/oswa
3. ranbousman pou depans sèvis edikatif oswa teknoloji sipò.

Dedomajman ou ka resevwa a depann de sa yo te egzije DOE pou l fè nan òdonans ou te resevwa a, jan yo dekri sa pi ba a. Gen yon deskripsyon sou kalite dedomajman ki disponib yo ki parèt sou Fòm Reklamasyon an epitou li dekri nan avi ou te resevwa ak Fòm Reklamasyon sa a.

Si w te resevwa plis pase yon òdonans nan dat 13 desanm 2000 oswa apre ak 31 janvyè 2008 oswa anvan epi si w te soumèt reklamasyon pou plis pase yonn nan òdonans sa yo, ou dwe mete yon fòm

reklamasyon apa pou chak òdonans. W ap jwenn yon sèl konpansasyon pou yon òdonans nan chak ane lekòl.

## **2. Etap 2 – Mete tout Dokiman yo egzije**

### **A. Ou dwe voye dokiman sa yo ak prèv fòm reklamasyon w lan sofsi ou mande SÈLMAN yon bon pou sèvis edikasyon konpansatwa oswa pou teknoloji sipò:**

1. Yon bòdwo ki gen antèt founisè a ki detaye kantite lajan ou te dwe oswa kantite lajan ou dwe ak sèvis yo te ba w, oswa yon atestasyon ki soti nan men founisè a ki detaye kantite lajan ou dwe ak sèvis li te ofri a, epi
2. Toude fasad yon chèk ki anile, yon rapò kat kredi, yon rapò bank oswa yon rapò ou pran sou entènèt ki montre kote yo te tire lajan an sou kont bank ou, yon kopi akò sou yon prè ou te fè, oswa yon atestasyon ki detaye peman ou fè yo.
  - a. Si w pa jwenn yonn nan dokiman yo endike nan paragraf 1 ki pi wo a, ou ka ekri yon lèt ba Verifikatè endepandan an pou eksplike poukisa ou pa ka jwenn dokiman an epi voye l ak fòm reklamasyon w lan. Verifikatè endepandan an ka deside ou gen yon rezon valab ki fè ou pa ka bay dokiman yo mande yo, konsatou li gen dwa pa aksepte rezon ou bay yo.
  - b. Si òdonans ou an egzije pou DOE peye yon kantite dola byen presi eke ou mande pou yo peye w montan sa a, ou pa bezwen voye okenn dokiman.
  - c. Si òdonans ou an egzije pou DOE peye yon lòt moun ki pa oumenm eke ou mande pou yo peye montan sa a, ou pa bezwen voye okenn nan dokiman yo endike nan paragraf 2 ki pi wo a.
  - d. Si òdonans ou an date 1ye jiyè 2006 oswa apre, ou ka soumèt dokiman yo apre ou fin soumèt fòm sa a toutotan ou pa soumèt li apre plis pase dezan apre dat final aranjman an. Tanpri sonje ke yo pa p peye òdonans lan toutotan ou pa soumèt dokiman yo.

### **3. Etap 3 – Voye Fòm Reklamasyon an pa lapòs ba Administratè Reklamasyon an. Anvlòp la dwe gen tenb lapòs sou li ki date 30 jen 2008 pou pi ta .**

Ou dwe voye fòm ou fin ranpli apa lapòs nan adrès:

LV et al v NYC Dept of Education  
c/o The Garden City Group, Inc.  
PO Box 9000 #6495  
Merrick, NY 11566-9000